3693
N2 0



Дәулен Айтмуратов

# Тымсаллар

Д. АЙТМУРАТОВ



# ТЫМСАЛЛАР

„КАРАКАЛПАКСТАН"

С/КК/2 **Айтмуратов Дәўлен**
**А 44** ***Тымсаллар.***
Нөкис, „Қарақалпақстан“ 1974. 52 бет

Дәўлен Айтмуратов автономиялы республикамыздың китап оқыўшыларына өзиниң тымсаллары менен де таныс. Оның бул топламдағы тымсалларының биразы бурын баспа сөзлерде жәрияланған.

Қолыңыздағы китапқа оның қайта ислеген ҳәм жаңадан жазылған бирқанша тымсаллары менен аўдарма тымсаллары киргизилип отыр.

Тымсаллардағы терең пикир, өткир мысқыл оқыўшыларға ой салады, олар жақсы оқылады.

7—4—3
111-73М.

3693
N2 0

**Художник** ***Ещанов Б.***

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1974.

1974 А | ГБ УзССР 10196

## *МАЙҚАБАҚ*

Ертеде бир адам,
Биреўге бурқып: „Әй жорам,
Мен жасымда—дей берипти—зор едим,
Араладым дүньяның шарқыпәлегин,
Нени кеширмедим бастан.
Ҳәттеки жердиң шетинде жайласқан,
Үргенишке барып келгенмен.
Сонда оған: „Алысқа бармапсаң—депти—
сен меннен.
Өзиң де самсам екенсең басың айланған,
Сен бунша "көпти көрдим деп сала
берме айбараққа.
Үргенишке барып келди түйениң жамбасына
байланған,
Бизиң кемпир пақырдан қалған майқабақ та".

## *АҚСАР ҲӘМ ҚАҢБАҚ*

Бир күни түс ўақта,
Қаңбақ жумалап келип Ақсарға:
— „Сен — деди — кете алмай ҳеш жаққа
Жатырсаң жылжымастан.
Ал мен бармаған сирә жер бар ма?
Маған пүткил дүнья бостан."
— „Дурыс — деди Ақсар Қаңбаққа —
Сен бостанлықта,
Бирақ та
Жумалап жүресең ыққа".

## *ТҮЛКИ ҚУЙРЫҒЫ*

Шамасы, Түлки тийген қусаған Арысланның
зейнине.
Түлки қашты, Арыслан „Ҳап!“ — деп түсти
кейнине.
Арысланға кесент етти путалық
Түлки қашты өлим қәўпинен пәт алып.
Табаны тастан болса тоғайды кетер еди от алып.

Қашты ҳәр ҳөнерге салып,
Ойға түсип, пута айналып,
Минут сайын жол алмаслап,
Түрли усталық пенен уллы
Гә оңға, гә солға қуйрық таслап.

Түлки өлим қәўпинен зорға қутылды.
Биракта
Ушыратып каласаң түрли мақлуқты:
Күтпегенде Түлкиниң Ешек алдынан шықты.
Ол отлап жүр екен ажырықта.
Сонда Ешек Түлкиге жақын келип,
Былай сөйлей баслады ақыл берип:

— Әй сорлы, сен қутылар един Арысланнан
әлле-қашан-ақ,
Қуйрығың кесент етпегенде, болмағанды машақат
Қашар един қәлеген путаны тасалап,
Тулғаңа қарағанда қуйрығың өрески үлкен.
Аяқларың болса анаў—бул жағын және есле?
Оны көтерип жүриў саған аўыр ғой, жәбир
емеспе?
Сениң тиришилигиң қуйрықты етпейди талап.
Бирақ
Түлки түр билдирди Ешекке күлген.
Түлки Ешекке:—Бара бер—деди—жайыңа арман.

Ақылыңды басыңа жақ
Мен соған мүтәж емеспен!
Бирақ сен мынаны шығарма естен:

Мени жүйриклик емес,
Қуйрық әжелден қутқарған.

## *ҒАРҒА ҲӘМ ТҮЛКИ*

(*И. А. КРЫЛОВТАН*)

Мақтағанды жақсы көрме. Оннан таппайсаң пайда.
Өйткени сум болады жағымпаз.
Онда тәсилдиң түри көп, онда жақсы кәсийет аз,
Ол сениң қышыған жериңди тауып қасыйды, абайла.

* * *

Қудайтала собықтай гөш берипти Ғарғаға,
Ғарға сөйтип қонып алды бир шақаға жарлана,
Азырақ бир аўқатланып алмаға
Бәле бирақ қаралыға табылады бәрҳәма:
Сорлы—қай ўақта да сорлы.
Бул жерге кәпелимде Түлки тайын болды.
Оңбайтуғын, ийис сезими күшли.
Әне, оның көзи гөшке түсти.
Жалатай астына барды ағаштың жақынласып,
Аяқларын буўынсыз, сақкыз қылып басып,
Қасты-ғәрези гөшти алмақшы.
Былай деди Түлки Ғарғаға:—„Жаным!—
Сен кус емес, жерге жиберип қойған
Жарасығы шығарсаң алланың“.

Көзлериң қандай яқшы.
Сениң мойнындай мойынды бирақ

Ертеклерде еситип ек, ол да болса азырақ.
Журтлар сениң жанында Таўысты бийкар мақтайды.
Қойса со Таўыс дегенди. Ол маған сирә жақпайды.
Саған мегзес сулыў қус жәннетте де аз шығар.
Жаным, сениң шырайыңа қарағанда усындай,
Даўысың ҳәм, ант ишейин, саз шығар?!
Азырақ бир кәне, кәне сайрап жибер қысынбай!
Қус патшасы боларлықтай қусғо Ғарға дүньяда
Бирақ ол айтқан бола ма!—Әдиллик бар ма Дүньяда!"
Мақтағанға Ғарғаның басы айналды пүткиллей,
Сонлықтан сорлы „Ғарқ" етти,
Түлкини узақ күттирмей,
Гөш жерге түсти,
Түлки қақшыды алды.
Сөйтип тамамлаўға туўра келди тымсалды.

## *СУЙКИМЛИЛИК*

Мына нәрсени сез:
Ийтке сулыў сүйкимли емес,
Сүйкимли сүйек таслаған.
Сол айтқандай бир адам
Өзине бир пайдасы тийген кисиге
Шын жүректен әбден қаўып қалыпты.
Сөйтип усы ишки сезим сыймай кетип
ишине
Душпан билген бир адамын
Илиўге таўып алыпты.

— Пәленшени, ашнам,—депти —
Пәлен-пыстан дегениң
Көрмеўшилик.
Сен оның зор, бәлент жигит екенин
Түсингендей ҳалға әўел жетип ал!
Сонда оған:—Ҳәәй, ашнам!
Гәпиңе исенбеймен ҳаслан
Бос сөзди қой енди!—депти—
Оның саған бәлент болып көриниўи итимал
Сениң өзиңниң соншелли,
Пәс болғаның себепли!

## *ЕШЕК ҲӘМ БҮЛБИЛ*

*(И. А. КРЫЛОВТАН)*

Ешек бүлбилге былай деди көриўден:
„Сени сайраўға уллы уста дейди ғой, ашнам,
Егер, ўақтың болса, бир-еки нама ал онда,
Сайрағаныңды көзим менен көрип мен
Өзим, деп жүр едим, аныгын айтсам,
Журт айтқан сениң талантың
ҳақыйқат па, жалған ба?“

Мине Бүлбил киристи көрсетиўге ҳөнерди:
Гә лық-лық атты,
Гә мың түрли намаларға өтип те көрди,
Гә қоңыраўдай сыңғырлатты,
Жүдә жақсы созып, қайтарып та алды,
Гә сыбызғының қайғылы намасына салды.
Жүдә нәзик шырылды путалыққа таралды.
Ал енди намасына Бүлбилдиң
Ҳәмме уйып, турған орнында қалды:
Шаўқымы өшти қуслардың,
ескени де тоқтап қалды желдиң.

Жайылып жүрген падалар да эсте ақырын жатты.
Бүлбилдиң сайрағаны Падашы Жигитке әбден жақты,
Нама қоздырып жиберди ондағы муҳаббатты,
Сонлықтан Падашы Қызға күлип қойды ўақты-ўақты.
Бүлбил тамамлады. Ешек көзин айырмай жерден:
„Жарайды—деди—мениңше жалған болмас еди
ҳаслан
Тыңлаўға сениң намаңды болар—десе жалықпастан.
Ҳәй әттегене, саған не дермен!
Бизиң Қораз бенен таныс емес екенсең—а, бирақ та:
Сен сайрар едиң буннан да сазырақ,
Егер оннан үйренгениңде ең болмаса азырақ!“
Усы сынды Бүлбил еситкен ўақта
Артына бир қарамай ушты да кетти буннан.

* * *

Әй қудайым, бизди де қутқарғайсаң усындай сыннан.

## *ҚУЛП ҲӘМ УРЫ*

Ҳешким емес, өз бахытын адам өзи байлайды,
Бирақ буны мойынлаўшы бенде аз.
Кемис сенде—көп,
Кемис менде—аз.
Жақсы—мен,
Жаман—ол

Сен ең соңғы оңбағанды сөйлетип көр,
Саған ол
„Барлығын дурыс етип жүрмен"—деп сайрайды.
Сонда да бирақ аўызы
Пытпытлаған ақылгөй.
(Әбзели дүзелеғойған ҳәм мақулғой)
Ақыл бергенин қоймайды.

### *Бир күни уры*

(Биреў көриптимиш буны)
Түсип жылға ҳәм сайға
Келди еректеги бир жайға
Түн тастай қараңғы,
Булт астында тур
Орақтай ай да,

Қысқасы маңлайға урса билмейди адам адамды,
Урлаўға түсти деп оңайға
Уры жулқыды қулпты
Гә жақлаўды, гә зулпты.

Ҳеш Қулп сынар емес,
Сонда сөгинип уры:
— „Сени соққанның үйин от алсын
Өзиниң душпаны болсын қызы ҳәм улы.
Бахытқа жеттим дегенде талсын!“

Қулп сол ўақта
Урыға жуўапқа:
Ҳә—әй, сен өзиңди сөктиң, көргенсиз,
Мени жулқылама жаныңды қыйнап,
Мен дүньяға келмес едим сенсиз,
Мени соққан сен өзиңсең ҳақыйқат!

## *ҲАЙЎАНЛАРДЫҢ СУЎРЕТКЕ ТУСИЎИ*

(ЕРТЕК—ТЫМСАЛ)

Ешек, Өгиз, Ийт, Щошқа
Порсық, Тышқан, Гүзен, Пышық,
Ҳәм ҳайўанлар тағы басқа
Жәмлести
Сүўретке түсип
Естелик қалдырыўға дос досқа,
Мақул ҳайўанлар айтқан гәп.
Маймыл—фотограф.
Әрман кетпейжақ босқа,
Ҳәмме барын кийинген—
Үлкен салтанат.
Ҳайўанларда қуўаныштан ушпаға жоқ
Қанат,
Өгиз бенен сүўретке түскени ушын
Тышқан шад.
Пышыққа қандай жақсы ат,
Теңелгени сондай ири малға.
Маймыл да ҳайўанлардың кеўлин таппақшы.
Жүдә жақсы!
Бирақ оларды ҳешким отырғызбады жөнлеп.
Ҳәрким умтылды
Ортаға алға.

Биреў биреўди өңмеңлеп
Ҳайўанлар өзлерине басқаша түр берип
Отырды көкиреклерин керип,
Тумсықларын көтерип,
Маймыл гә алға, гә бәсип кейин,
Пуқталап түсирди сүўретке
Мине сүўрет тайын.
Ортада Өгиз
Ешек пенен Шошқа еки шетте
Ийттиң аяғы тур қуйрығын путқа қысқан.
— Ҳаў, мен қайда?
„Гүзен қайда?—деди Тышқан.
—„Мениң менен Порсық қайда?“—деди
Пышық мырраўлап.
Әне Пышықлар менен Тышқанлар көринбей қалды.
Соның менен тымсал да тамамланды.

## *ИЙТ ТАЛАЙЫ*

Мына сөз айланып кетти накылға:
Ақылсыз емес сеннен я меннен
Бир адам былай депти жақында:
„Гейде жаныңды қыйнап еки жыл мийнет еткеннен
Беш минут унап кеткениң жақсырақ!“
Мине усылай депти ол адам.
Бирақ
Ислер болады мүмкин болмаған:
Бул сөзди ийт еситип қойыпты!
Сирә өтириги жоқ наўа!
Себеби ийтке де жуўынды керек
Ол да буны тоқып алып мыйына қуйыпты.
Жағымпазлық енди усындайдан шығады. Аўа!
Бирақ және бир жағы бар: мына нәрсени сез!
Жағымпазға да аңсат емес!
Бул ийт бурын ийт еди қаңғымай.
Аты да еди Байқасқа,
Ис барысын түсинди былай.
Бул жер маған қолай.
Бирақ ис басқа.
Хожейин меннен күтеди хызмет,
Хожейин оны алды шийден соққан қосқа.

Күнине жууынды қуйды төрт ирет.
Ийтаяқ ағыл-дегил асқа!
Мине, үрмеге еринсе де бизиң көпек
Шамасы, үй ийеси, қоңсы—қоба көрсин деп
Үрди ҳәр даўысқа салып
Қаңсылады үй айналып
Гә улыды қарап айға.
Оны да алмақ боп келсе оңайға
Ийт былай ойлады:
(Ойламайды деген бийкар ол, ҳайўан)
— „Усылай көп үре берсем хожейинге унайман.
Ол әлбетте емес ақмақ,
Ол отыр мениң артымнан бақлап,
Көреди мени ай менен жарысқан
Ҳеш Ийт емес
Екенимди Арыслан!
Ол сөзсиз қуўады ийтлерди басқа.
Жатырған ҳәўлиде үрместен ҳаслан
Ҳәм бул жерде жасайды тек ғана Байқасқа!“

Хожейин таң атырды кирпик қақпастан!
Хожейин, уйқысыз таң менен таласқан
Ертеңине ийтти қуўып салды
Мине сөйтип көрдик усындай аўҳалды.

---

1974 А ГБ УзССР 10196

## *ҚАСҚЫР ҲӘМ ЫЛАҚ*

(ЭЗОПТАН)

Эй, бенде, сирә сен табарсаң пығлыңнан!
Өйткени мынандай бир жағдайды сезип қалдым мен.
Гейде пайдаланып ийелеген орнының үлкенлигинен.
Әззи кейип сөйлейди мықлыға
Себеби Әззиси не,
Мықлысы не,
Нәкәстиң аты нәкәсдур.

Өтип баратырған еди бир Қасқыр
Бир жерде бир үйдиң қасынан.
Бир ылақ минип тур екен тамның басына.
Ылақты көрди Қасқыр—бийталап
Өзиниң қурбанын,
Биракта
Түсинип ылақ өзиниң қәўипсиз жерде турғанын.
Сөгинди Қасқырға қарап.
Сонда Қасқыр былай деди Ылаққа:
— Сенде ақыл болса болмай кетсин ҳеш!
Бүйтип сөгинбе, сорлы
Себеби сөгип турған сен емес,—
Сениң орның.

## *СУЛЫЎ МАЙМЫЛ*

Иси оңға басқан ўақта гей адам
Өзин бәрҳә артық санап есаплайды басқадан.
Бирақ онда артықмашлық көринбейди ҳеш қандай,
Сонлықтан тымсал шыдамай сөйлеп жибереди
азғантай

* * *

Ертеде бир ўақта
Бир маймыл Африка жақта
Жалғыз көзли, қуныш болып туўылыпты анадан.
Буны көрип ҳайран қалып бир адам:
— Қай пығлыңнан таптың,—депти,—қаралы,
аллаталадан?!
Дүнья еле бийхабар сендей бәлехададан!
Айтпақшы, сени апарып үлкен-үлкен қалаға
Халықтан ақша жыйнасам биреў тартып алама!—
Деп оны алып кетипти... Бирақ үш жыл он айда
Ығбал айдап қайтып келди Маймыл усы тоғайға.
— Баяғысаң ба?!—депти сонда қурдаслары—ҳәй!
тоқта!

Усынша ўақ көринбей жоғалып кеттиң қай жаққа?!
Сол ўақытта бизиң Маймыл былайынша
мақтанды:
— Бир адам мени апарды Парижға және Лондонға,
(Әлбетте, сизлер билмейсиз бул қусаған жақларды),
Халық қарады маған ынтығып сонда.
Әсиресе унағаным ҳәзир де мениң ядымда
Қәддимди көриўге келген ҳәттеки Король қатынға!
Басқа маған сүйсингенди сыйғыза алмайсаң ҳеш саңға,
Маймыллардың бәрин жыйнап бармақларын қоссаң да!
Былай деди сонда бир Маймыл оған:
— Ашнам, мени кеширегөр бөлгениме сөзиңди,
Көрсетиўге не ушын алып кетти ол адам
Ҳәммемизди қалдырып, тек ғана сениң өзиңди?!
— Усы сөзди айтпады деп отыр едим бурын да!—
Деп жуўап қайтарды ол жыйырық жыйнап мурынға,
Сениңше мениң қайсындай керегим бар ол адамға,
Адамларга көрсеткендей көрер көрким болмағанда?!..

## *АҚ САҚАЛЛЫ ҲӘМ ҚАРАСАҚАЛЛЫ*

Бурында ақ сақаллы ғарры ешектиң туяғын
ойнатып,
Күн көретуғын еди арбалы аўылға қый сатып.
Оны көрген адам жерге төгиўге сорар еди қатып.
Арбасын айдап киятырғанын көрсе тасырлатып.
Бир күни тоқсан манат қарыздар болып оған,
Үш арба қыйын алған еди бир қара сақаллы адам.
Бирақ бул киси жоқ болып кетти төлеместен
ақшасын,
Ғарры нәлет айтты, кетти айдап арбасын.
Бес ай, он ай, бир жыл өтти арадан,
Умытты ма, ғаррыға сол адам қайтадан:
— „Ҳа жасы үлкен, хүрметли аға, сен маған,
Еки арба қый сат, алғыс айтаман!
Ашыў менен иши ғыжлаған,
Ғарры былай деди оған:
— Ҳа көргенсиз, сатпайман, сөйлеме жалған!
Сениң күн көриў ушын келеди еп еткиң.
Өткен жылы малдың астынан алған,
Тап-таза үш арба қыйымды жеп кеттиң.

## ТАЎ ҲӘМ ТАСБАҚА

Таў басында, шөпсиз далада,
Жүрип киятырғанда Тасбақа,
    Жолықты Қулан
    Ҳәм деди оған:
— „Ҳа, жол болсын!
— „Сорама достым, жер қапырық, жоқ самал,
Мен дүньяға шыққалы ығал.
Дым жаман жердеги аўҳал,
Не ислеў керек, не ҳамал?
    Ойландым олай,
    Гә булай,
Ақыры нийет еттим таўға шықпаға,
Таўға шығып таза ҳаўа жутпаға.
    —„Ўай, бийшара,
Аш көзиңди, астыңа қара,
Не ушын сенде бунша ушты аң?
    Көрмейсең бе?
Сен ҳәзир бийик таўдың басында турсаң?„,—
Деди де күлип кетти Қулан.
Тасбақа: „япырмай—ә!“ деди буған.

* * *

Ақылсыз да Тасбақадай кишкене
Оған пүткил дүнья ҳештеңе.

## *КЕРЕК ЕШЕК*

(С. МИХАЛКОВТАН)

Өгиз тамаққа шақырды түс ўақта.
Малхана толы қонаққа
Ал стол ҳәртүрли тамаққа
Қонақлар отырса болар еди
Ўақыт та жетти.
Бирақ мынандай сыбырлы:
„Аўқатка күтеди—дейди—Ешекти!“.
Еситилиўи мәттал „Ешек киятыр!„ деген хабар,
Үй бийкеси стол дөгерегине отырыўға
Қонақларға ым қағар.
Мине қонақ келди сарғайып күткен.
Қарсы отырғызылды саранаў қашарға,
Ҳүрметли орынға саўлықлар беттен.
Өгиз арақ қуйып:
— Ҳәмме—деди—саў болайық бәрҳә!
Тыңлаңызлар!
Ешекте сөз бар!
Суў серипкендей өшти шадлы даўыслар.
Бизиң Ешек сулы ҳаққында сөзди мыжыўға қарады,
Сулы қанша турады,

Ҳәм ол калай сақланады
Ол не ушын тоқ болады буўдайдан.
Ешек аз дегенде сөйледи бирмайдан.
Бир ҳайўан ишип те үлгерди
Ғарры Саўлық та қалғыды,
Солғын түр берди.
Сөз ақыры питер емес Сулы ҳаққында.
Ешекте тоқтаўға жоқ дәрман.
Мөңиреў, маңраў, ишиў, жеў конакларға жоқ дымда
Сонлықтанда биримлеп кетип болды қатардан
Зыяпат тамамланып.
Таркап кетсе де барлық жан,
Өгиз қалды тыңлаўға
Ешектиң даўысы карлыққан.
Бундай Ешек булкәрага кай жақлардан пайда болған?
Өгиз калай Ешек пенен аўқат жейди бир столдан?
Не ушын Өгиз бул Ешекти
Шын жүректен дос еткен?
Ешек ҳүрметте болды,
Өгиз мутәжлы еди Ешектен.
Егер ол жем жумысын басқармағанда
Өгиз оны түслендирмек туўе
Жақынлатпас еди салы сабанға!

## *ЕКИ ЖУЗЕКИ*

„Жора, сениң бир жаман әдетиң бар дым ғана:—
Деди Нуржан көшеде жолығып қалып Қулманга—
Үйиңе барсам ешейин қыдырыспа қылмаға,
Қоярға мени жер таппай әбден бүлип қаласаң!„
„Ҳаў Нуржан, сениң әдетиң жаманырақ буннан да:
Сениң де жайша үйиңе барағойсам мен кирип,
Бар тапқанды қазанға толтырып келип саласаң!„
„Ал улыўма айтқанда, Қулман, сендей зор жигит,
Шенде—шенде болмаса дүньяға келе бермейди!„.
„Қойса Нуржан, мендейлер ызғып атыр бул ўақта.
Ал, жоражан, сендейлер дүньяға нәрсе келмейди„
„Маған сендей болмаға, Қулман, еле бес жыл бар!„
„Маған, Нуржан, хәттеки аз болады он жыллар!„
„Ал маған көп сениң жалғыз аяғың шелли болмақта
Қулман жора, бул ушын көп налыйман қудайға!„.
„Қәне мен, Нуржан, тең болсам қалдырған сениң
изиңе,
Шошқа қуўып жүргенде бир басып кеткен, ылайға!„
„Жеш!—дейди Нуржан бир гешир берип,—Бермес ем
басқа кисиге.
Ал сен десе қулқыным „тез мирәәт ет“ дейди!

„Мә, сен же!—деп Қулман да қалтадан конфет
алады.—
Сени көрип жутқаным,—дейди,—өңеште турып қалады,
Жутайын деп қылғынсам да ҳәргиз арман кетпейди!„
Сол ўақлары бул сөзди еситип биреў мүйеште:
„Сениң,—дейди—жутқаның турып қалса өңеште.
Қурыйды екен сизлердиң пысыңыз бирин—бириңнен,
Себеби: ол ас алынбай өңешиңде турады.
Ал, мениңше, сизлерди „жанымдай көргенлигимнен“,
Жутқаным мениң ҳәттеки кейнине қайтып урады.

## *ТИРСЕК БАЛА*

(АБЗИ КДЫРОВТАН)

Жүдә тирсек болыпты,
Ертеректе бир бала.
Ҳәкисине қылыпты
Ис буйырсаң бәрҳәма.

Бара—ғой десе, бармастан,
Барма десе, барыпты.
Ала—ғой десе алмастан.
Алма десе алыпты.

Бир куни оның атасы,
Қудыққа түсип кетипти.
Оны тирсек баласы,
Тартыўға нийет етипти.

Атасы қолын былғапты,
Қыйғырық салып „тартпа“ лап.
Баласы былай ойлапты,
Атасына жалт қарап:

„Атамның тилин өлерде,
Қояйын—деп—бир алып“,
Ийтерипти қудыққа,
Алмақ түўе шығарып.

## *ПЫШЫҚ ЕРЛИ-ЗАЙЫПЛЫЛЫҚТА*

Тарғыл Пышық
Болды өл деген ашық
Жолбарыс қызына,
Қәнәәтленбейди басқа қыздың назына
Сағалдың қызы жалағайлаў зәрре,
Маймыл қызының аяғы әрре-тәрре,
Қойдың қызы Қозыбийке семиз.
Ийттиң қызында қәсийет кемис.
Ҳәрким ҳәрқыйлы—
Ис былғасық.
Жолбарыс отырған қызыл басқурлы
Үйдиң босағасына
Пышық келип бас урды.
Ашықлық аўыр жүк,
Көзде айналып жас турды.
Тилек қабыл.
Басланды той.
Күлки. Ўаҳаҳа!
Қонақ көп—жер жоқ аяқ баспаға.
Жолбарыс қызының тойы
Келди алыстан
Ақсақ қоян,
Ҳәттеки ақсақ Тас бақа!

Абыройлының қызына, тойына жоқ баҳа!
Той өтти табақ табаққа қағысқан.

Мине Жолбарыс қызы Пышыққа қатын.
Пышық „еркек“ санап өз атын,
Айтты ҳаялға қарап:
— Мен етемен сеннен талап,
Еркекке ҳүрмет етиўди еркекти еркек санап.
Болмаса сени мен етемен талак.
Мениң үстим кирледи
Кир жуў!
Оны бирақ Жолбарыс жағадан қысып:
— Ҳәә, „еркек“, бул не дуў—дуў?!
Мениң ата—тегим Жолбарыс.
Бул жөнинде жоқ тарыс.
Кирди сен жуўасаң,
Пышық!
Болмаса өлтиремен путаққа асып.
Пышықта көз кетти қорыққаннан атласып.
Сонда баласына Ана Пышық:
— Балам,— деди—сениң маңлайың ақ.
Жолбарыс теңиңбе сениң
Пышыққа Пышық бап.
Пышық жуўапқа солманда:
— Ҳә-әй меҳрибан анам,
Мен ақ маңлай емес,
Нағыз маңлайы қараман,
Себеби үйленбедим Тышқанға!

* * *

Тымсалда нәсият мынандай:
Қара жағдайға
Кисини асылдырма,
Өзиң де асылма шалғайға.

## *ҚАСҚЫР ҲӘМ ҚОЗЫ*

(И. А. КРЫЛОВТАН)

Күшлиниң қасында әззи гүналы.
Олла билләə, Семиз дос емес Арыққа.
Буған мысал толып атыр тарийхта.
Тымсал енди сөз етеди мынаны:

* * *

Суў ишпеге бараман деп, бир өзектиң бойында
(Бәлеқада қайда жоқ, бассаң аяқ астында)
Сорлы Қозы ушырасыпты Қасқырға
Қасқыр бирақ Қозының айыбын қойып мойынға
Жегенди мақул көрипти.
Зәкүинге сүйендирип жеўди Қасқыр ҳәм ақыл көрипти.
—Оңбайтуғын,—дейди Қасқыр,—түсиндир маған сен айтып:
Не себептен мына мениң ишейин деп атырған
Суўымды турсаң ылайтып!
Тәртип және әдеп—икрам шығыпты сениң ядыңнан!
Жулайынба басыңды турған жерде бул ушын!?"
Маңлайы қара әззиниң көрген күни қурысын!
—„Ҳасылзадам, ирәҳим етиң, қәтелик кетсе кишкентай!
Бирақ сизиң ишейин деп атырған суўды ылайта
Алыўыма итимал жоқ ҳешқандай.

Ең кеминде жүз адымдай ығында суўдың былайда,
Аяқ бетте, кеширесиз, мен турман!"
—„Демек мениң өтирикши болғанымба, ант урған?!
Аўа, уятсызлықтың билемен жүдә түри көп!
Ҳаў, айтқандай, сениң маған былтырғы жылы бир ирет
Жаман гәп айтып кеткенниң умытылған жоқ ҳасла.
—„Ҳаў, мен ғой быйыл туўылдым.
Мен емеспен, ол басқа
Туўылғалы тоғыз ай толды маған, болғаны?"
—„Олай болса, ол сениң
Туўысқан ағаң болғаны",
Уқсаслығың билинип тур, мине сениң көзиңнен",
—„Кешириң, мениң ағам жоқ Енеден жалгыз
өзиммен"!
—„Ақыллы болып баратырсаң Айланайын, аман бол ...
Ол яки сениң Қәйнеңең, я Қәйинбийкең бола ма?
Мен оятын билмеймен.
Оятын меннен сорама,
Ким болса да тамыр шатақ биреў болды саған ол.
Қулласы бәриң душпансыз: Шопаныңыз, Ийтиңиз,
Талай ирет зейиниме тийдиңиз,
Буның ушын көрсетемен" „Қандай гүнә таптым
деп?..."
—„Оны ойлап отырыўға, кеширерсиз, ўақтым жоқ.
Аш болғаным ушын ҳәтте айыплысаң алдымда"
Деп қасқыр аўыз салды алқымға.

## СӨЗ ҲӘМ ИС

Бир күни „Дамбалкеткен“ ге
Ғаррылар менен бардым менде.
„Минезиң болса жатық
Болады ишкениң қатық“.
Өзиң жақсы болсаң
Кисиниң жутып баратырғанын аласаң!
Демек жақсы болады екен нақылларды
басшылыққа алсаң.
Нақыллар дуп-дурыс ойлап қарасам,
Мен көптиң ишинде жасы кишимен.
Суў да, ылай тасыйман журттай өңирге салып,
Түсте отжаққышлыққа тайынман көптиң ишинен.
От жағаман қолға балта, кесеў алып.
Гей ўақлары ат бақтым.
Гә үзген айғырдың изинен шаптым,
Жасы үлкен шай ишеди, терлейди.
Пыснап, қостын көйлеңкесин бермейди.
Ҳәттеки малдасы менен енлейди.
Ислер нақылларға сәйкес келмейди.
Көрдиңбе, биз гейде ананы айтып, мынаны
ислеймиз,
Сөйлетип жиберсең қоймаймыз.
Бирақ исимиз бурық
Биз қасықты аўзымызға суғып турып
Гөшти тислеймиз.

## *ПӘСЛИК*

(ҲИНД ЕРТЕГИ ТИЙКАРЫНДА)

Пәс өзиниң пәслигине барады,
Мине ҳәзир оқыўшым, мына тымсалға қарашы:

* * *

Ертеде бир дуўахан
Бир Тышқанды алып қалыпты аман.
Ғарға жаңа тутип жейин деп атырған жерден,
Ҳәм ол үйге әкелип, оған ас-суў берген.
Бирақ нәрсе жер таппағандай ҳаслан,
Пәп-пәстиң басына түседи бәп-бәлент аспан,
Жудырық тийер орынды тар маңлайдан табады:
Кәнекей Тышқанға Пышық күн берсе!
Деп бир күни Тышқанды Пышыққа айландырыпты.
Сонлықтан да дуўахан:„ Күн көрегойсың, қаралы",
Бирақ усы Пышықтың алдынан шыққан Ийтлер де,
Күнде талап қытықшыл қуйқасында ойнапты.
Көре сала Дуўахан және бул ҳайўаншылықты
Оны Ийтке айландырса, Ийтти Жолбарыс қойманты.
Мине дуўахан дуўалап Ийтти Жолбарыс етипти,
Сөйтип Тышқан Жолбарыстың уллы дәрежесине
жетипти.

Жолбарыс бирақ
Усы дуўаханға жақынлаңқырап:
„Негизимниң пәслигинен мен көрмедим не исти,—
Деп ойлапты—Енди журтлар тийисли,
Мени „түптен салған Жолбарыс“ деўге!
Бирақ
Бул дуўахан аўзы былшырап,
Жасалма Жолбарыс екенимди айтып қояр биреўге!“
Деп оны өлтирмек ушын аўыз салыпты.
Бирақта бул бузықлықты байқаған
Дуўахан оны дуўалап Тышқанға айналдырыпты қайтадан,
Сөйтип өзи өлимнен зорға аман қалыпты.

## *ҚОЯН МӘСЛИКТЕ*

(С. МИХАЛКОВТАН)

Шамасы тойға, яки зыяпатқа
Коян шақырылды Кирпиге мирәәтке.
    Дослардың ортасында
Гүрриңнен кейин хош—ўақты
Арақ суўдай болып айналып ақты.
Қоңсыны қоңсы қандырды
        Кесе кесени қақты,
Ишти көрмей қалғанша қонақ қонақты.
Сол отырыстан бизиң де Қоян
        Тирсеги қыйсайғанша,
Көзи тасырайғанша болды пияң.
        Ҳәм зордан
—„Ж-ж-жүр үйге,—деди қайтаман"
—„Сен үй таба аламысан,—деди
Ақ көкирек Кирпи оған.—
Сен журтты бүлдирип шаўқым салғанша
Жатсаң жақсы болар еди,
Басың өз қәддин алғанша?
Жалғыз өзиң жойыларсаң тоғайда.
Арысланды усы жерде дейди,

Түсерсең оған оңайға!“
Тыңлайтуғын қоянба!
Қоян мәсирди әбден.
— „Маған Арыслан ким,—дейди
Арысланнан қорқаманба мен?!“
Шайнап таслап мен оны
Таңбасам да болар табытқа!
Оны әкел бери.
Жетти оның менен санасатуғын ўақыт та
Жети қабат терисин сыйырып оны аламан!
Сөйтип жалаңашлап
Африкаға қуўып саламан!“
Шаўқымлы үйди таслап,
Теңлесип ағаш арасында
Теңселген сыяқлы стол қасында
Киятыр қыйсық қыйғырып
Түнерген түнги тоғайда,
„Арыслан бар деп еди,—дейди
Көрсет маған, о қайда?
Ҳайўанларды көргенмен
Ҳәтте күшлирек Арысланнан,
Олардың да қолларын қол,
Путларын пут қылғанман.
Әне Арыслан оянды.
Мине көриң енди бизиң Қоянды ...
Бизиң қыйсық қыйғырса да бирақ
Тасалап қашты путаны,
Қуйрығын қысып қаттырақ
Арыслан:—Ҳаап!—деп тутып алды жағадан.
— Табаныма ким түсти?—деди,—
Ким тап болды маған?
Ҳаа, сенбе ўасыўасыл?
Бул не шаўқым?

Жылжыма? Көтер басыңды! Сайра,
Неге мүңкип тур сениң аўзың?
Қоян мәсликтен турған жерде түсти айра.
Ҳәм кутылыўға жол излеп
—Менбе?... Сизбе?... Бизбе?....
Айтыўға етиң урықсат!
Мен ҳәзир болдым қонақта!
Сонлықтан көбирек ишиппен,
Бәри сиз ушын бирақта.
Ден саўлығы ушын Сизиң күшиклериңиздиң
Сиздеги жеңгейдиң!
Кәне ҳәддиң барма
Ишпей ойлаўға кейнин.
Мине Арыслан жағадан
Жаздырып алды тырнақты.
Сөйтип бизиң мақтаншақ
Аман қалыўға жол тапты.
Арыслан пияншылықты жек көрди,
Өзи арақты аўзына алмады.
Бирақ жарамсақланғанды қоллады.

---

## *ҚОРАЗ ҚЫЯЛ УСТИНДЕ*

—„Ҳей бахытсыз, басы ислемейтуғын мақлук,
Қалайда, сенде бүгин көтеринки руўҳ!“—
Деп Қораздан жөги сорады Пышық,
Қоразға билдирмей,
Көзин Ийтке қысып.
—„Дурыс,—деди Пышыққа Қораз байғус.—
Салыстыр мени,
Меннен артық қай қус?
Менде бар
Дөнип турған пәр
Сулыў қуйрық.
Қус төреси Бүркиттегидей тумсық.
Және де оғада көрнекли қанат—
Қораз қоқыраяды кекилин қызартып
Мақуллаўды Пышықтан еткендей талап.
„—Жооок,—деди Пышық.
Саған болмақ қайда Бүркит.
Сен паспанда мақлуқсаң жүрген
Тумсығын қыйға басып қияққа сүртип,
Төрт аяқлы мен де сениң менен бирге жүрмен
Саған қус болыў ушын керек аспанға ушпақ.

Саған ушпақ қайда
Қалта-жемсек,
Жуўан—сыйрақ.
Бунның ушын саған қанат керек кудиретли!—
Деди де Пышық кетти мысқыллағандай мыррыўлап.
Бирақ арадан ўақыт өткен жоқ узақ.
Айтқанындай Қораз ушпай кетекке—
Жерге кирип кетти,
Киятырған Түлкиден қашып жүреги суўлап.
Мине усы Қоразға усап,
„Мен адам болдым".—деп қыйғырды бир ладан.
Төрт емес,
Еки аяқлылығы ушын адамға усаған.

## *ПЫШЫҚЛАР ҲӘМ ТЫШҚАНЛАР*

(С. МИХАЛКОВТАН)

Ақ көкирек ала Пышық,
Тарғыл Пышыққа Тышқан әкелди аўзына қысып.
Тарғыл Пышық күтип алды күнин бес жасқа толған
Сонлықтан әкелинген аңды алды қолдан.
Бирақ,
Оған мырылдады мурнын жыйырыңқырап:
„Рахмет саған, ашнам!
Бирақ сен босқа тырыстың!
Себеби; өтип кетти әлле-қашшан
Ешейин бир тышқанға қараған күн ырысқым...
Кешир бирақ, мүмкин, зейниңе тийип алдым—ба!"
Буған қонақ таң қалды, қысынып есикте турған:
„Пышықта Тышқан жемес-пе?
Неге әкелдим мен бунда!!
Бул еситилмеген хабарғой ҳеште.
Қайта сорайын мен буннан,
қалпал еситкен шығарман!..."
Столға бирақ,
Қойылды май
Консерва, қаймақ, қант, набат.

Колбасаның—да ҳәрқыйлы—бири-биринен жақсырақ,
Ҳәтте қыдырып таппайсаң елди атлы аралап.
Қулласы, стол аўқатқа толды ыссы да, салқын да,
Ала Пышық тойып алды келгенше алқымға.
„Минекей—деп мырылдады Тарғыл Пышық—
Күнлер өтиўде сансыз,
Қудайға шүкир, өзиң көргендей,
Мына қусаған Тышқансыз“.

* * *

Тымсалдың мазмунын сораса меннен бир адам
Былай деп жуўап берер едим оған:
„Тарғыл Пышық затты жеди мудам,
усы Тышқаннан қорыған“.

## *ҲАҚЫ*

Биреўлер аўқат жеп болып столовойда,
— Ақшаңызды алың,—деди официантка апайға.
— Не жедиңиз? Ҳа—а, билемен,—деди.
Официантка Зубайда.
Үш гүляшқа, үш сорпаға, үш чайға,
Ақшаны шыртып алды үшеўден.
— Ҳаў,—деди биреў:—Мен
Гуляш емес, котлет жедим, апажан.
Есапласаң қалай болар қайтадан?
— Ҳа, дурыс, котлет жегениң болса бойма ойымда,—
Деди апай умытқансып бир қарап.—
Не ҳақың кетип еди менде?
Сондағы алажағың меннан отыз тыйын ба?
— Отыз тыйын деген не,
Бересисең—деди жигит бир манат".
— Өзиң—деди апай,—жигит екенсең шайма,
Ҳәм сондай майда
Сен келминде жемедиң-бе бир сомлық нан?—
Бирақ тоқтаңқырап, деп болдыда,—сонлықтан...
— Ма,—деди-бир сомды сен-ақ ал!—
Ҳәм апай келди дәрҳал,
Байназарлар отырған жаққа.

Ескертейин:
—Байекең жигит ғой биракта
Майда-шүйде менен санаспайтуғын ҳешўақта.
Оған ешейин бир бес, он манат манат-па?
Ол апайға бир онлықты шығарып берди қалтадан,
Ҳәм былай деди омыраўын жоқары алып:
— Апай, ал маған,
Сен ҳешнәрсе бермей-ақ қой қайтарып.
Апай бережақ еди, ол:
— Қысынбаң—деди ҳасла.
Бес-он манат кетпейтуғынба апа-карындаска!"
Сонда апай қайрылып кейнине:—
Ана жигитке;—Көрдиң бе?—деди мине,
Жигитлер карамайды бир сом түўе, бес сомға ҳаслан,
Өзиңдей жигитлерге бир қарап жибер мына,
Сен қарай бересең артыңа.
Уят болады бундай жерде бүйтип қатындай
салғыласқан...

* * *

Мине түсиникли болады мына тымсалға қарасаң:
Гейде тийисли ҳақыңды талап еткениң ушын уялып
қаласаң....

## САБАН

Биреў талқылатыўға пьесасын оқый баслады,
Даўыска салды, артистке усап кете жазлады.
Пьесада ҳайўан да катнасқан екен,
Бир сыйыр мөңиреген жерди
Оқығанда мөңиреп те жиберди.
Пьеса оқылып болынды.
Сонда бир адам;
— Пьеса узыннан узақ—деди,—
Сен буны қысқартып исле кайтадан.
Себеби халық ушын маңыздан басқа
Арқа-арқа сабанның кереги жоқ ҳасла!
— Бул ақылды,—деди автор—
Айтарсаң басқа адамға,
Билсең керек болады иретинде сабан да!
— Аўа—деди оған сонда: Айтарың барма,

Сабан әсиресе керек
мөңирейтуғынларға.

## *ШОРТАН*

(И. А. КРЫЛОВТАН)

Күн бермегенликтен суўдағы Шабақларға,
Шортанның үстинен судқа берилип арза.
Көп көрсетилди айғақлар да
Ҳәм, қанишерди салып самарға,
Судқа әкелди суў халқы.
Судьялар да жыйналды,
Өзлери жыйылған отлақлар беттен.
Бирақта атлары архивте қалған,
Судтың составы ибарат еди еки Ешектен,
Еки-үш Текеден, еки ғарры Байталдан,
Ҳәм, жумыста тәртип болсын деп беккем,
Түлки прокурорлыққа сайланған.
Буннан бурын Түлкини усы Шортан Балыққа—
Тәмин етти деген мыш-мыш сөз таралған
еди халыққа.
Жүзге қараў болған жоқ отырған судьяларда,
Әсиресе Шортанның шоқлығын усы сапар да
Мүмкиншилик болмады шалғай менен басыўға,
Туўра келди бул ирет шарасыз пәрман жазыўға:
„Сақлаған аз Шортанды жигирма жыл қамақта,

Тек путаққа асылсын-басқалар ушын сабаққа!"
„Хүрметли судьялар!—деди Түлки шығып сөзге—
Оны асып өлтириў аз.
Мен жаза усынар едим өзге,
Қолланып ҳаслан көрмеген ҳешким бизиң әсирде.
Қорқынышлы болсын бул ендиги жалатайларға—
Қалай болар усыны мантықтырып өлтисе?"
—„Жүдә жақсы, Тәке! Айтарың бар ма!"—
Деп судьялар усынысты мақул тапты,
    Сөйтип Шортанды дәрьяға атты.

## *АСҚАБАҚ ҲӘМ СЕКЕРПАРА*

Бултқа усаған қап-қара,
Пәлектиң астында Секерпара.
Таң ағара баслаған ўақта,
Былай деди Асқабаққа:
— „Эй Асеке, екеўимиз жасаймыз бир палызда,
Бирақ, кешир мени, қарағанда маңызға,
Аспан менен жер шелли парқ арамызда".
— „Ол қандай парық?—деди Асқабақ—айтсаңыз—да?"
— „Сениң геўдең үлкен-аў, бирақ-та,
Мазаң меннен кемис,—деди Асқабаққа—
Сонлықтан адам жемейди писип түспесең табаққа.
Ал мени, алмастырып болмайды
палға, қантқа, набат-қа.
Жей алады барлық ўақта,
Писирип қалмай машақатқа,
Келгенлерде қарайман деп маған,
Ҳәттеки сүринеди аңсыздан саған.
Секерпара сөзин тамамлаған ўақта
Шық астында қақ айырылды еки жаққа.

* * *

Қайсындай абройға ийе болсаңда арада
Өзиңди айрықша санама.
Сөйтип айналып жүрме аўараға,
Усап тымсалдағы Секерпараға.

## ИИТ

Былай депти бир адамға бир адам:
— Ийт ийтлигин қоймайды деп шарбая бийкар датлайды:
Сен болмаса қарап жибер мынаған
Ҳәзир неге анаў Ийт Султанды нәрсе қаппайды?
Енди өзиң-ақ бир айтағой, маған?
Бурын адамы жоқ едиғо бул ийттиң сирә қаппаған?!
Оған былай деди жолдасы бирақ:
— Ол Ийт еле қабады, сен сабыр ет азырақ,
Ҳәзир Султан таслаған сүйекти ғайзап атыр ол,
Сонлықтан тыныш жатыр ол.

# МАЗМУНЫ


Майқабақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Аксар ҳәм Қаңбақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 4
Түлки қуйрығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Ғарға ҳәм Түлки (И. А. Крыловтан) . . . . . . . . . . . 7
Сүйкимлилик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Ешек ҳәм Бүлбил (И. А. Крыловтан) . . . . . . . . . . 10
Қулп ҳәм Уры . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Ҳайўанлардың сүўретке түсиўи . . . . . . . . . . . . . 14
Ийт талайы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 16
Қасқыр ҳәм Ылақ (Эзоптан) . . . . . . . . . . . . . . . 18
Сулыў Маймыл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Ақ сақаллы ҳәм Қара сақаллы . . . . . . . . . . . . . 21
Таў ҳәм Тасбақа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 22
Керек Ешек (И. А. Крыловтан) . . . . . . . . . . . . . 23
Еки жүзеки . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Тирсек бала (А. Қдыровтан) . . . . . . . . . . . . . . 27
Пышық ерли-зайыплылықта . . . . . . . . . . . . . . . . 28
Қасқыр ҳәм Қозы (И. А. Крыловтан) . . . . . . . . . . 30
Сөз ҳәм ис . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Пәслик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Қоян мәсликте (С. Михалковтан) . . . . . . . . . . . . 35
Қораз қыял үстинде . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Пышықлар ҳәм Тышқанлар (С. Михалковтан) . . . . . . 40
Хақы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Сабан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Шортан (И. А. Крыловтан) . . . . . . . . . . . . . . . 45
Асқабақ ҳәм Секерпара . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Ийт . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48

*На каракалпакском языке*

**Даулен Айтмуратов**

*БАСНИ*

*Издательство „Каракалпакстан"*

*Нукус—1973*

Редактор *Толыбай Қабулов*
Худ. редактор *А. Қурбанбаев*
Тех. редактор *К. Досанова*
Корректор *Б. Өтегенов*

---

Териўге берилген ўақты 20/IX—1973 ж. Басыўға рухсат етилген ўақты 27/XII 73 ж. Қағаз форматы 70x108 $^{1}/_{32}$ Көлеми 1,625 баспа табак 2,27 шәртли баспа табак 1,3 есап баспа табақ. Тиражы 5000. РК 30197 Баҳасы 16т.

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

---

ҚҚАССР Министрлер Советиниң баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының „Правда"ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты, Заказ 174.

Баҳасы 16 т.

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ — 1974